

ENFÒMASYON POU PWOPRIYETÈ YO



IndianaHousingNow.org

PWOGAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

Pwogram Asistans pou Ijans Lwaye Indiana (IERA2), ki te kòmanse pran aplikasyon an Mas 2023, sipòte fanmi lokatè Indiana ki te fè eksperyans difikilte finansye pandan pandemi an lè l ofri asistans pou lokasyon ak sèvis piblik.

IERA2 ka bay avantaj sa yo pou fanmi lokatè ki elijib yo:

- Yon peman asistans pou lokasyon kay ki gen ladann aryere (lwaye pase ki dwe) ak twa mwa lwaye k ap vini (alavni).
- IERA2 ap peye pi piti nan montan lwaye ki endike nan kontra lwaye limit lwaye IERA2 pibliye a.

Kantite Chanm	Lwaye Mansyèl Otorize	Asistans pou Lwaye Maksimòm 18 Mwa
Efikasite	\$899	\$16,182
Yon Chanm	\$957	\$17,226
De Chanm	\$1,124	\$20,232
Twa Chanm	\$1,573	\$28,314
Kat Chanm oswa Plis	\$1,864	\$33,552

- Yo kapab bay plis peman, ki gen ladann aryere ak lwaye k ap vini si lokatè ou a patisipe nan konsèy pou devlopman famiyal avèk yon manm nan Indiana Community Action Association Network.
- Kantite total asistans yo peye pou nenpòt fanmi pa ka depase 18 mwa.
- Si fanmi lokatè w la deja resevwa asistans ERA nan men IHEDA oswa Kone Elkhart, Hamilton, Marion, Lake, St. Joseph oswa Vil Fort Wayne, y ap redwi tout mwa asistans ERA fanmi an te deja resevwa nan asistans 18 mwa ki disponib pou li a.

IndianaHousingNow.org



Otorite Lojman ak Devlopman Kominotè Indiana



OPÒTINITE
LOJMAN EGALÈGO



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje ak sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an kote pa gen baryè pou jwenn lojman akoz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa estati famiyal. Pwojè sa a ap jwenn sipò, an antye oswa an pati, nan nimewo sibvansyon federal ERA0021 Depatman Trezò Ameriken an bay Eta Indiana.

Dènye mizajou Jiyè 2024

ENFÒMASYON POU PWOPRIYETÈ YO

PWOGRAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

Lokatè ou yo ka aplike lè yo:

- Rele 2-1-1 Lendi-Vandredi soti 8:00A.M.- 6:00P.M. pou jwenn èd pou kreye pwofil yo epi ranpli pati kesyon ak repons aplikasyon an.
Lè sa a, lokatè yo pral ranpli epi soumèt fòmilè koleksyon dokiman an poukont yo.
- Rele 2-1-1 Lendi-Vandredi soti 8:00A.M.- 6:00P.M. pou ede w idantifye founisè INCAA ki ka ede w kreye pwofil yo a, pati kesyon ak repons aplikasyon an, ak fòmilè koleksyon dokiman an.
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan òganizasyon INCAA ap ede avèk aplikasyon yo ak konsèy sou estabilite famiyal nan: www.incap.org/indiana-housing-stability-program.
- Pwopriyetè k ap patisipe yo, nan respè pou lalwa, kapab kòmanse yon aplikasyon pou lokatè l yo atravè pòtay vandè a. Lokatè a DWE konplete/fini aplikasyon pwopriyetè kay la kòmanse.

Yon pwopriyetè ta dwe konnen:

- Konte Hamilton ak Marion te administre pwòp pwogram ERA pa yo. Si lokatè w la ap viv nan Konte Hamilton, li ka kontakte Administratè Vil lokal li a pou asistans. Si lokatè w ap viv nan Konte Marion, IndyRent fèmen kounye a. Lokatè w la ka rele 2-1-1 pou lòt resous ki disponib yo.
- Si lokatè w la deja resevwa asistans federal pou lwaye (pa egzanp, li gen yon Koupon Chwa Lojman, l ap viv nan yon inite Asistans pou Lwaye ki Baze sou Pwojè, l ap viv nan Lojman Piblik, elatriye) IERA ka bay asistans pou pòsyon lokatè a nan lwaye a.
- Nenpòt obligasyon lokasyon ki poko peye, ki gen ladan lwaye ki depase limit ki pibliye a, se responsablite lokatè w la (yo).
- IERA pa kapab peye frè legal, frè bèt domestik, frè lokasyon pou machin oswa garaj, frè demenajman, oswa depozit.
- Pou resevwa peman dirèk, ou dwe bay anplwaye IERA yon fòmilè ACH ak W-9.
Pwopriyetè k ap patisipe yo ka swiv aplikasyon yo soumèt yo nan pòtal vandè a. Vizite IndianaHousingNow.org epi klike sou <https://indianahousingnow.org/press/articles/EmergencyRentalAssistance.html> pou jwenn aksè nan pòtal vandè a.
 - Sèvi ak pòtal vandè a pou bay IHCDa enfòmasyon espesifik sou aplikan an, tankou kontra lwaye yo ak rejis yo mande yo.
 - Sèvi ak pòtal vandè a pou verifye estati aplikasyon an.
- Si w refize patisipe nan IERA2, lokatè w yo ka toujou resevwa asistans sou fòm yon chèk pou de moun ki peye pou lokatè a ak pwopriyetè kay la.
- Yo pral voye chèk sa a bay lokatè a.
Yon pwopriyetè pa ka mete yon lokatè deyò pou lwaye li pa peye pandan peryòd asistans IERA kouvri a.
- Si w gen kesyon, tanpri rele **(317) 800-6000** oswa voye imel bay iera@ihcda.in.gov.

IndianaHousingNow.org



Otorite Lojman ak Devlopman Kominotè Indiana



OPOTINITE
LOJMAN EGALEGO



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje ak sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an kote pa gen baryè pou jwenn lojman akoz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa estati famiyal. Pwojè sa a ap jwenn sipò, an antye oswa an pati, nan nimewo sibvansyon federal ERA0021 Depatman Trezò Ameriken an bay Eta Indiana.

Dènye mizajou Jiyè 2024